Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
7 апрель
РУЗМАН

№16
(7451)

Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гьур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ДандчIваял

## МугIалимзабазул семинар-совещание

Араб арбагI къоялъ районалъул лъайкьеялъул управлениялъ Агьвали тIобитIана гIисинал школазда начализхъияб федералияб лъайкьеялъул стандарт (ФГОС) гIумруялде бахъинабиялъуль дандчIвалев захIмалъабазул бицараб районазда гьоркьосеб семинар-совещание. Гьенир гIахьаллъана Хунзахъ, ГIахьвахъ, Гумбет, Ботлихъ, ЦIунтIа, Шамил, ЛъаратIа районазул ва БежтIа участокалъул лъайкьеялъул управлениязул нухмалъулел, методистал, школазул директорал ва завучал.



Гьалбадерида дандчIвай гьабун хадуб, жидерго хIалтIул хIалбихьиязул бицарал гара-чIвариял рукIана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул методистазул кабинетазда, гьединго щвана лъималазул «Теремок» ахикье, Агьвали гимназиялде ва гьелъул музеялде.

Цинги байбихьана жакъа къоялда, школазда лъималазе лъай кьолаго ва цIиял проектал гIумруялде рахъинарулаго, росдал мугIалимасда дандчIвалел захIмалъабазул бицине.

ГIисинал росабалъ школал цIуниялъуль ва начализхъияб федералияб лъайкьеялъул стандарт гIумруялде бахъинабиялъуль дандчIвалел захIмалъабазул бицарал кIалъаял гьаруна районалъул лъайкьеялъул упралениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас, методист ШугIайб ХIамзатовас, Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул информациялъулгун методикияб кабинеталъул нухмалъулев Загьид ХIусеновас, ГIахьвахъ районалъул администрациялъул бетIерасул кумекчIужу Раисат ГIабдулбасировалъ.



Жиндирго хIалтIул хIалбихьиялъул бицараб презентациягун цеве вахъарав Хунзахъ районалъул ТIануси росдал школалъул директор Хьайтмаз Дибировас бицана компьютерияб технологиялги хIалтIизарун, кьурал дарсазул пайда лъималазе цIикIкIараб бук1иналъул.

МугIалимасул хIалтIул даража борхизабиялъул бицун кIалъана районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул районалъул комитеталъул председатель АхIмаднаби Абакаров.

Семинаралъул гIахьалчагIазул суалазе жавабал щвана дандельиялда гIахьаллъарал хIалбихьи цIикIкIарал специалистазухъан.

ХIукуматалъ кьолеб мукъсанаб харжалъухъ балагьичIого, муг1алимзабаз жидерго хIалтIи лъималазе ва гьезул букIинеселъе гIоло гьабизе кколин абураб букIана киназулго ракIунтараб ахIи.

Бечедаб тепсиялдаса хадуб гьалбадерица баркала загьир гьабуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъе нухмалъиялъе жидее гIуцIараб пайдаяб семинаралъухъ.

ГIадамалги гIадаталги

## Гьава-бакъ рекъараб батаги

### Гьигьалъ росулъ тIобитIана оцбай

Ахирал соназ районалъул росабалъ рехун тун буго оцбаялъул байрам тIобитIулеб гIадат, амма Гьигьалъ росдал жамагIаталъ, умумузул ирсалъе хилиплъичIого, сонайил тIобитIула гьеб тадбир.

Тадбир рагьулаго, райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас киназдаго баркана ихдалил байрам ва гьарана рии-их битIараб, тIорщел гьарзаяб батаги гьаб сонилан.



Араб гьатIан къоялъ иргадулаб нухалъги гIуцIадго тIобитIана Гьигьалъ оцбаялъул байрам. Байрамалде рачIун рукIана росу тун къватIир гIумру гьабулел ракьцоялги, мадугьалихъ ругел росабалъагун районаздаса ва шагьараздаса гьалбал. Исана гьеб хIурматияб иш нухда бачана Игьикьи кулидул гIадамаз.

Радалиса гIисинккун балеб гIазу букIаниги, росдал халкъ ва гьалбал ракIарана оцбаялъул тадбир тIобитIизе.

Байрам байбихьана росдал мажгиталда мавлид ахIиялдалъун. Мавлид цIалун хадуб, жамагIат бахъана хурибе тIоцебесеб рахъ бахъизе. Кидаго гIадин, хур бегилалде цебе, росдал имамас дугIаги гьабун, тIоцебесеб рахъ бахъизе ниятгун цере рахъана росдал мажгиталъул имам ГIумархIажи ГIамирлаев, жамагIатчи ГIабдулмажид ГIабдулгъапуров ва гьеб тадбир тIобитIи тIаде босарал Игьикьи колодаса гIолохъаби.

Хадур гьалбаги росуцоялги, бачулаго зикругун, къокъана байрамалъул хадусеб программаялъе кинабго хIадурлъи бугеб росдал годекIанире.

ВагIза-насихIатазулаб кIалъай гьабурав росдал имамас мажгиталъул имамас бицана умумузул гIумруялъул тарихалде раккиндал, нилъеда бихьулеб бук1ин гьезул яшав ракь хIалтIизабун, жидерго захIматалдалъун гурони магIишат гьабизе рес гьечIеб, цIакь мискинаб букIараблъи. Гьединго т1адч1ей гьабуна инсан ракьалъ хьихьулев вукIиналда, гьава-бакъ рекъон, гьарзаяб бачIин щвей букIин нилъер киназулго мурад.

«Ихдалил хIалтIабазе байбихьи лъеялъе нух рагьулеб тадбирлъун букIана нилъер росулъ гьаб байрам. Нилъер тадбиралъул мурадлъун ккола гIун бачIунеб гIелазулъ ракьалде рокьи куцай, рехун тарал ракьал хIалтIизаризе гьел ахIи, хIукуматалъул «кIалдире» ралагьун чIечIого, ракьалдаса пайда босизе гьел ругьун гьари»,-ян лъугIизабуна ГIумархIажица жиндирго кIалъай.

Гьеб тадбиралъул гIадатлъун ккола росулъ ихдалил хIалтIаби байбихьилалдего, мавлид цIалун, садакъа бикьун, баракатаб, гьава-бакъ рекъараб ва бачIин гьарзаяб сон батайилан Аллагьасде гьари. Гьелъул буго цоги хаслъи: росуцоял дандерусcин, росдал жамагIатгун дандельи, умумузул хабалазда зиярат гьаби, гьудулгьалмагъзабазухъе щвей ва вацлъи щулалъи.

ВагIза-насихIатал тIуран хадуб, росдал жамагIатгун гьалбал гIодор чIана байрамалъул гьарзаяб тепсиялда нахъа.

Хадур тIоритIана батIибатIиял спортивиял къецал: торгIо хIай, чIаралъуса



кIанцIи, гIарщ цIай, гугари, рекери. Мажгиталда тIобитIана лъималазда гьоркьоб Къуръан цIалиялъул конкурс. Бергьаразе кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Байрамалъул ахиралда тIасияб соналъ оцбаялъул байрам тIобитIизе иргадулаб чадил гор босана Мильури колодаса Гьизляр районалда яшав гьабун ругел Абакаров Ибрагьимил васаз.

Аллагьас тавпикъги икъбалги кьеги росдал жамагIаталъе хадубккунги, умумузухъан ирсалъе щвараб байрам, хвезе течIого, тIобитIизе.

Гьумер хIадур гьабуна Зулфия Сажидовалъ

# Районалъул турнир

## «БатIи-батIиял, амма ращадал»

Сон Агъвали спортшколалъул залалда тIобитIана ТIолгодунялалъул теннисалъул къоялде хурхун столалда хIалеб теннисалъул турнир. Турнир тIобитIана «БатIи-батIиял, амма ращадал» абураб ахIиялда гъоркь. Гьелъул гIуцIарухъабилъун рукIана халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалда бугеб центр ва райадминистрациялъул спорталъулгун, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отдел.




Теннис хIаялъулъ гIахьаллъана гIумруялъул ригьалдаса араб гIумруялъул ва сахлъиялъул дагьал ресал ругел гIадамал. Турнир рагьизе цеве вахъарав райадминистрациялъул спорталъулгун, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас абуна: «Жакъасеб нилъер турнир ккола ТIолгодунялалъул теннисалъул къо кIодо гьабун тIобитIулеб. Районалда кIудияб кIвар кьолеб буго спорт цебетIезабиялъе ва гьелъул тайпаби цIикIкIинариялъе. Теннисалъул рахъалъ




руго районалъул спортшколалда ва росабалъ хIалтIулел спортивиял группаби. Жакъасеб турниралъул хаслъилъун ккола гьенир гIахьаллъулел рукIин гIумруялъул ригьалдаса арал (ветеранал) ва сахлъиялъул дагьал ресал ругел (инвалидал) гIадамал»-ян.

Гьединго турниралда кIалъазе яхъана халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалда бугеб централъул нухмалъулей Марзигат МухIамадова.



Турниралда гIахьаллъизе ва балагьизе рачIаразул къадаралъ бихьизабулеб букIана столалда теннис хIай гIадамазе бокьулеб спорталъул тайпа букIин. Гьенир гIахьаллъана анцIгоялдасаги цIикIкIун инвалид, ветеранал ва руччаби.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана Гъазиявдибир Мусаевасе, кIиабилел ва лъабабилел бакIал ккуна Шамил ГIабдулхаликъовас ва АхIмад АхIмадовас.

Тарих

# Хизрил бахIарчилъиялъул хIасил



**ГIадамазе Аллагь жиндаса разилъи мурадалда, рухIалда, гIумруялда барахщичIого чияс гьабураб бахIарчилъи наслабазул ракIазулъ цIунизе, гьез гьарулел ишазе кьиблалъун кквезе мустахIикълъула. МагIарулазул тарихалда гIемер руго цоял машгьурлъарал, цогидал тIатичIел - халкъалда тIаде захIматаб заман бачIидал гIадамазухъе кумекалъул сахаватаб квер бегьарал бахIарзал. Дие бокьун буго гIадатияв магIарулав, Сасикьа Бецав МухIаммадил Хизрил гIумруялдаса цо чанго мисалалдалъун бахIарчилъиялъе кигIанго пасатаб, захIматаб заманалъги гIорхьаби - кваlквалал гьаруларебльи, бихьинчилъиялъе сангарал рукIунаребллъи цIалдолезулгун бикьизе.**

Гьанжеги нилъехь машгьураб буго араб гIасруялъул лъеберабилел соназ Дагъистаналда халкъалъе пачалихъалъул хъулухъчагIаз гьабулеб зулму Сталинида лъалеб букIинчIин, цIаларал ва дагьабниги магIишаталъе гьунар бугел гIадамал тIагIизариги бакIалъул чагIазул хIалтIи букIанин абураб пикру.

Узухъда, Сталиница щибаб рокъовеги вачIун рачун унел рукIинчIо гьел, амма цонигиясе балъголъи гьечIо гьес гъулбасарал, щибаб республика, область, районалдаса пуланаб къадар гIадамазул къурбан гьабизе кколин, бакIалъул хIакимазухъе ритIарал, сияхIал рукIарабльи.

ХIамил бетIер гIадаб гьитIинаб нижер Сасикь росдал бегавуласухъеги рукIана рачIун гьединал сияхIал чан чи «раскулачить» гьавизе кколев, чан исламияб гIелму цIаларав чи жаниве рехизе кколев, чан «враг народа» «ятапалъ» витIизе кколев. Бегавуллъунги доб заманалъ тIамулев вукIун вуго бищунго иман загIипав, дагьабниги рес-махIалалда вугев мадугьалаcда рокьукълъи кутакав, гIамал кIудияв, кIванагIан мискинав чи. Нижер бегавуласги хьвазе лъалев чиги валагьун, цIараб заманалде ГIанди округалъул тIадчагIазухъе сияхIал щвезарун руго. Цо талихIалъ, Аллагьас къоял тIагIарав чи гьев бегавул вукIун, цIияв тарав «сельсовет» Хизри ккун вуго Болъихъ букIараб ГIанди округалъул НКВДялъул хIакимас тIолго росабазул гьел сияхIал тасдикъ гьаризе бегавулзаби ахIараб мажлисалде ине.

«Нилъер росабалъ гIемер руго вождасул васиятал тIуралаго, цIияб гIумруялде унеб колхозияб гIуцIарухъанлъиялъул нухда кваlквалал гьарулел, тIатаралгун балъгоял Советазул тушбаби. Совет власть тIаса рехиялъе хIаракат бахъулел, жидеца бечелъи бахъарал кулакалги гьезие квербакъи гьабулел, бецIлъиялде халкъ ахIулел рухIаниялги. Нилъеца гьел, беричаб хуриса заралияб чIахI гIадин, кьолболъаги рахъун, социализмаялъул судалдалъун тамихIалде цIазе ккола. Нижеца нужее ритIарал тIадкъаязда рекъон, дир столалда тIад ругел пачалихъалъулгун хIукуматалъул тушбабазул сияхIал гъулбасун, тасдикъ гьаре цо-цо ккун», - абун кIалъана НКВДялъул начальник.

Щарккун цере ахIарал бегавулзабаз столалда тIад рукIарал кагътал тасдикъ гьарулел рукIун руго. Хизрил цIар ахIидал, гьев тIаде вахъула ва киназдего хитIаб гьабула: «Нужер цонигияв щванищ дица нухмалъи гьабулеб росулъе?» - ян. ЩвечIин жаваб гьабидал, Хизрица абун буго: «Гьел, нужеца абухъе, кулак гьаризе мустахIикъал чагIи Сасикь рукIизе БетIергьанас шартIго гIуцIун гьечIо. БацIил кIалдиб ракьа гIадин, кьурабазул кIкIаланиб тIинда бугеб, бекьизе, бецизе, боцIи хьихьизе шартIал гьечIел, хьарсинал хурзабазул квербацI гIадал кьотIелазул бетIергьаби ругеб бакI буго Сасикь. ГьечIо гьенив жиндирго милкалдалъун лъагIалица хьизан хьихьизе кIолев цониги чи. ГIемерисеб халкъги, къватIибе хIалтIизе хьвадун, чIагольи гьабулеб буго. Гьедин бугониги, нижеца гIуцIун буго колхоз, гьечIо росулъ гьелда данде чIарав чиги. Цоги бакIазда ратаниги, нижехь гьединал кулак гьаризе гIадамалги гьечIо, нужеца къураб кагътида дица гъулбасги лъезе гьечIо»,-ян.

Мажлисалда гIахьаллъулел гIезегIанго заманалъ гьединаб «такъва гьечIеб» хабаралдаса хаган хутIула, амма хадуб начальникас: «ГIела, гIодов чIа»,- ян абун Хизриде амру гьабула. Хадуб, Хизрицаго гIадаб, кIалъай гьабурав ГIандисда бегавул кIиго милицас вачун уна, гьеб бихьарал хутIараз гъулбасал гьаризе хехлъи гьабула. (Кинниги, дов начальник бихьинчилъи бокьулев чи вукIун, гIандисев гьебго къоялъ бакъанида гъулбасизеги тIамун, рукъове виччан вуго.) Къалъудаса хадуб, Хизридаса мисал босун, кIалъазе лъугьулезе насихIаталъе, хIакимас, киназдагоги бихьун, лъалиниса бахьараб «маузер» столалда тIад лъун буго, квал-квал ккечIого кагъталги бегавулзабаз тасдикъ гьарун руго.

Амма гьелда къокълъичIо сасикьел кулак гьариялъул хабар. Нахъиял къоязго росулъе вачIана районалдаса «паламоч»-Агъвалив милициявас хIалтIулев вукIарав хунзахъав. Гьес Хизрида абула ХIажимухIамад абурав чи кулак вукIиналъе далил бугин жиндихъ, гьев жиндирго гьоботи бугев, боцIи-панзги гIемерав чиги вугин, жинца гьев жаниве рехизе цадахъ вачизе ккола, дуца гьев хадувги ун, гьаниве, кансиларалде вачейин. Хадув индалго, Хизрица ХIажимухIамадида мальун буго хьизан хьихьизе гIураб магIишатги гьечIин, дур гьобо букIинги гьереси бугин абейин. «Бугищ дур гьобо, боцIи, кули, хурзал, дуе щолеб хайир щиб?» -абун суал кьедал, ХIажимухIамадица, пахруябго гIамалалъул мискинчияс, кигIанги ресалдаги вугин, дуца гьикъанщинабги тIаде цоги магIишатги бугин жаваб гьабунила. ТIад протоколги гьабун, аскIор рукIаразул гьариялъухъги гIенеккичIого, милицас вачун «кулак» унелъул ахирабги хъулалда Хизрица абунила: «Я вац, паламоч, дида мун иманияв чи ватилин кколеб буго. Гьев чияс дуда бицараб жоги пахрулъиялъ бицараб гьереси буго. МахIшаралда нилъеего букIине бугеб кIалгьикъи тIаса ине, бегьиларищ цо гьесул яшав бихьизе рукъоре ине?»-ян.

Бокьулароro вукIаниги, милицав разилъанила. ХIажимухIамадил рукъобе кьотIноса нуцIа рагьарабго чIарбида реххун чIалу бугоанила, чIалуялда нахъа цIа бакулеб тавухан бугеб бакI тун нахъидаб чIарбида тIибитIун накку-даруд, гьелда тIад тIолго хьизаналъ тIаде-гьоркье рехулел туруталги ругоанила. Тавуханалда рахсида дализабун лахIул цIураб хьазанхьагги хьибилалда мегIелиялда лъун чанго щурун-гъудги бугоанила. Гьеб язихълъи бихьараве «паламоч», цидадаго гIадин, ХIажимухIамадиде балагьидал, тIутIу-хъухъураб ретIел бугеб гIечIого, тIад лъураб хьацатIагъурги бугоанила, анкьабго рекьезе, тIогьиса хIулун багьараб. Бихьун протоколги тавуханалда жанибе рехун, хьвагIун гьазде квергун нахъе анила хунзахъав.

Гьелдалъун лъугIана сасикьел кулак гьари. Росдал агьлуго ракIунтун букIана гьелдаса гIемер мехго инчIого, росу кьотIун рехе, мадугьалихъ бугеб Къеди росдал кулак гьарун рачун унел «бечедал» гIадамал рихьидал.

Хизрил бахIарчилъи-гьунаралдалъун сияхIазда цIарал рукIарал анцIгогIанасел хьизанал хвасарлъана Сталинил гьабикье ккеялдаса.

Росдал гIорхьабазда жанир хутIана Сибиралдалъун гIатIилъизе рукIарал нижер росдал хабалалги.

**АхIмад Идрисов**

## ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къо

**1948 соналъул 7 апрелалда гIуцIана ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул идара. Гьебго заманалда хIукму гьабуна ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къолъун гьебго къо чIезабизе.**

# РакI гIодобчIвай

Инсанасе гIумруялда жаниб аслияб жолъун ккола чорхол сахлъи. Гьелда бараб буго чиясул гIумру ва миллаталъул букIинесеб. Я бечелъи, я машгьурлъи, я жамгIияталда жаниб бугеб кIвар сахлъиялде данде кколеб жо щибго гьечIо инсанасе.

Щибаб соналъ дунялалда кIодо гьабула сахлъи цIуниялъул къо. Гьелда хурхун ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул организациялъ «Депрессия: жея бицинин» абураб тема гьоркьоб лъолеб буго ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къоялъ. РакI гIодобчIваялъ (депрессиялъ) асар гьабичIев батIи-батIияб ригьалъул инсан къанагIатги ватиларо нилъеда гьоркьов. Гьелъ инсанасул психикаялъе цIакъ квешаб асар гьабула, гьесул хIалтIул низам бихххизабула, гIагарал-божаралгун гьоркьорлъаби хвезарула ва гьединго жиндиего магIишат гьабизе ярагьунаревлъун гьавула. ЦIакъго къанагIат ккола инсанас живго чIваялъул хIужабиги. Жакъа къоялде 15-29 соналде рахарал гIадамал ракI гIодобчIваялъул хIасилалдалъун накълулъаразул сияхIалда кIиабилеб кьерда руго. Гьединаб захIматаб унтилъун рикIкIаниги, ракI гIодобчIвай сах гьабизе кIола.

**Муслимат МухIамадова,** тохтур-терапевт

# ТУБЕРКУЛЕЗ

Туберкулез ккола рахунел унтабазул цояб. Гьелъул аслулъун ккола туберкулезалъул микробактерияби гьаваялде рачIунев унтарав чи. Жиндир заманалда чорхол сахлъиялда хадуб халги ккуни, рокъобги къватIибги инсанас рацIцIалъиги цIунани, гьеб унтудаса хвасарлъизе рес буго чиясул.

Тохтурас гьарурал малъа-хъваял цIунизе ккола унтарав чияс.

Унтарав жанив вугеб рукъ къойил цIияб гьава жанибе биччан, бацIцIад гьабизе ккола ва хлорааминалъул растворги жубан биччараб бакIа-бахари гьабизе ккола. Унтарасул букIине ккола хасаб полотенце, ретIел, бусадул партал, ва цIарагI. Гьес кидаго рацIцIадго чIезаризе ккола кверал. Кванан лъугIун хадув гьесул цIарагI бухIараб лъеца чуризе ккола, гьединго бусадул парталги бухIараб лъелъ гьализабун чуризе ккола. Ахту ва хIацIу бокьа-бокьарулъубе тузе бегьулао, гьелъие букIине ккола хасаб алат ва нахъе тIун хадуса хлораминалъул растворалъ чуризе ккола, гьединго гIисинал лъимал кодоре рачине ва убачал гьаризеги бегьуларо.

Киналго унтарасулгун бухьен бугел рукъалъул ва гIагарлъиялъул гIадамаз лъагIалида жаниб кIицIул жидерго сахлъиялъул хал гьабизе ккола, лъималазул щибаб лъабго моцIалда жаниб. Цогидазде унти бахичIого букIине хъизаналъул чагIаз щибаб соналъ ихдал ва хаслихъе дараби гьекъезе кколаан. Лъимал хIухьбахъиялъе ва сахлъи щулалъиялъе риидал лагеразде ритIизе ккола. Унтарав чи жанив вукIараб рукъалъул гьев нахъе ун хадуса дезинфекция гьабизе кколаан. Туберкулез баккуларо хIалтIул ва хIухьбахъиялъул режим цIунулел, гIемераб заман бацIцIадаб гьаваялда тIобитIулел, спорталдалъун черх лъадарулел ва къвакIизабулел гIадамаздагун лъималазда.

**ПатIимат Гъазиева,** тохтур-фтизиатр

# Эпидемический паротит



В Дагестане сохраняется, крайне неблагополучная ситуация по эпидемическому паротиту. Осложнение началось с февраля прошлого года, а пик заболеваемости пришелся на декабрь 2016 г. и январь-февраль месяцы текущего года. На сегодняшний день общее число заболевших по республике Дагестан достигло 460.

И это притом, что с 2010 г. в республике регистрировались единичные случаи паротита. В эпидемический процесс вовлечено 18 территорий республики. Зарегистрированы также случаи паротита в Ботлихском, Гумбетовском районах. В Цумадинском районе за прошлый год зарегистрированы по одному случаю в селах Агвали и Эчеда, а в текущем году - тоже по одному случаю в селах Агвали Тинди среди детей до 14 лет.

Называемое в народе «свинка» и «заушница» - это острое вирусное заболевание, которое вызывает парамиксовирус. Источник инфекции при этом заболевании - только больной человек. Заразным он становится еще за 1-2 дня до появления первых признаков свинки и первых 5 дней болезни. Передача вируса происходит воздушно-капельным путем, хотя не исключается и бытовой путь заражения (через загрязненные предметы). Люди обладают очень высокой восприимчивостью к этой инфекции, чаще всего болеют дети, причем мальчики в 1,5 раза чаще, чем девочки.

**Симптомы болезни.** Начинается с резкого повышения температуры тела, появления озноба, головной боли, слабости. Высокая температура держится не более одной недели. Иногда заболевание протекает и без лихорадки. Основной признак свинки - воспаление околоушных слюнных желез, иногда в процесс вовлекаются подчелюстные и подъязычные железы. В их проекции появляется припухлость, пальпация причиняет пациенту боль. При сильном увеличении околоушной слюнной железы лицо больного становится грушевидной формы, мочка уха на пораженной стороне приподнимается. Через 1-2 дня воспалительный процесс обычно захватывает железу с противоположной стороны, но иногда поражение бывает и односторонним. Больные жалуются на боль в околоушной области, усиливающуюся в ночное время, иногда у пациентов появляются боли и шум в ушах. В тяжелых случаях из-за резкой боли пациент не может жевать пищу. Боли сохраняются в течение 3-4 дней, а через неделю постепенно проходят. Примерно в это же время или чуть позже спадает отечность в проекции слюнных желез, но в некоторых случаях припухлость может сохраниться две недели и более, что больше характерно для взрослых.

**Осложнения.** Чаще всего при попадании вируса, вызывающего свинку,в кровь поражаются железистые органы: поджелудочная железа (острый панкреатит), яички у мужчин (орхит), яичники у женщин (оофорит).Самые серьезные осложнения эпидемического паротита у мужчин - это приапизм и бесплодие. При проникновении вируса в головной мозг возможно развитие менингита. В редких случаях у людей, перенесших свинку, развивается тугоухость или полная глухота.

В целях профилактики эпидемического паротита за январь-февраль текущего проведена вакцинация эпидемического паротита у трехсот пяти и ревакцинация эпидемиологического паротита у трехсот четырнадцати детей в возрасте до четырнадцати лет.

**Хадижат Джамалудинова,** главный врач Ботлихского межрайонного центра гигиены и эпидемиологии

## Рузманкъоялъул вагIза

# Гъибат гьаби ва гьелъул мунагь

Аварагас (с.гI.в.) абун буго гъибат кколин дуца дурго вацасе бокьулареб жоялдалъун гьев рехсей. Гьеб мехалъ цояс гьикъана: «Я бичасул Авараг (с. гI.в.), гьев чиясул дица абулеб сипат батани?»-ян. Аварагас (с.гI.в.) абуна: «Дуца абулеб жо гьесулъ батани, дуца гьесде гъибат гьабуна, батичIони, дуца гьесда бугьтан лъуна»,-ян. Цо-цояз гъибат гьабугеян абураб мехалъ, абула дица бугеб жо абулеб бугилан. Бугеб жо абиги гъибат ккола, гьечIеб жо аби-бугьтан ккола. Гъибат-бугьтан гьаби, хирияб Къуръаналъги ХIадисалъги цIакъ какун буго. Гъибаталдаса тавбуги гьабун хварав чи, алжаналде ахиралда лъугьуна, гьелдаса тавбу гьабичIого хварав чи жужахIалдеги тIоцеве лъугьуна. Аллагь разилъаяй ГIайшатица, цо чIужугIаданалъул хIакъалъулъ бицунаго, гьей къокъай йигилан абураб мехалъ, Аварагас (с.гI.в.) абуна: «Дуца абураб гьеб рагIи ралъдалъ жубани, гьелъ ралъад хIабургъинабулилан». (Тирмизи, Байгьакъи, Абудавуд). Гъибат гьабулев чиясда къиямасеб къоялъ, жидеда нахъаса гъибат гьабуразул гьанги гIагар гьабун, абулила дунялалдаги кваналеб букIанин дуца гьаб гьан, гьанжеги кванайилан абун. Гьес гьеб, гьумерги букIкIбукIкIун, чIичIидилаго кваналила. Гъибат гьабулел гIадамазе кьолеб гIакъубаялъ жужахIалъул агьлуялъецин захIмалъи гьабула гьезие гьабулеб гIазабалда тIадеги.

КIигояв Аварагасул (с.гI.в.) заманалда цо чиясда нахъасан гаргадана. Гьеб мехалъ, хвараб хIамида аскIосан унаго, гьев кIиясдаго Хирияс абуна: «Гьаб балкан кванай нужеца»,-ян. Гьел кIиялго риххун хутIана. Хирияв Аварагас (с.гI.в.) абуна нужеца, нахъасан гаргадун, диналъул вацасул кванараб гьан гьаб балканалдасаги квешаб бугилан. Гъибат гьабулев чиясего гIадаб, мунагь буго, гъибат гьабулаго, руцIцIунги чIун, гьелда гIенеккулезеги. Гьезда тIадаб буго гъибат гьабугеян абизе. Бусурманчи какулаго, гьев какизе течIого, цIунани, бищун хIажатаб къоялъ Аллагьас гьевги цIунизе вуго дунялалдаги ахираталдаги. Амма, бусурманчи цIуничIого, гIенеккун чIани, бищун кумекалде хIажатаб къоялъ дунялалдаги ахираталдаги Аллагьас гьевги рехун тезе вуго. Гъибат гьабунщинахъе тавбу гьабизеги ккола. Гьесул тавбу къабуллъизе ккани, пашманлъун тIаса лъугьаян, Аллагьасдаги гьаризе ккола, жинда нахъасан гъибат гьабурав чиги тIаса лъугьинавизе ккола. РакIалъе гъибат гьабизе бокьун букIун, кIалалъ гьабугеян абуниги, гьев мунагьалдаса вацIцIалъуларо.

Аварагас (с.гI.в.) абуна: «ХIакълъунго гъибаталъ лагъасул лъикIал гIамалал кванала, цIаялъ бакъвараб цIул киниги. Диналъул вацасул къадруялъе зарал кколеб жо жинца нахъ чIварав чиясул гьумералдаса жужахIалъул гIазаб Аллагьасги нахъ чIвала къиямасеб къоялъ»,-ян.

Имам ШапигIицаги абуна, жиндаса разилъи тIалаб гьабидал, разилъуларев чи щайтIан вугилан. Аварагас (с.гI.в.) абуна: «Аллагь лагъасе кумекалъе вукIуна, гьев лагъ цоги лагъасе кумекалда вугебгIан заманаялъ». Аллагьас кумек гьабеги битIараб калам битIун бичIчIизе ва гIамал гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасда гьарула гьаб насихIат халкъалъе пайдаяблъун ва гьезул тIабигIатал лъикIлъиялъе сабаблъун гьабеян, киналго бусурбаби бицаралъухъ гIенеккулел ва гьелъул лъикIабщиналда нахъ рилъунездасан гьареян.

Аллагьас лъикIаб гьабизе, квешаб тезе тавпикъ кьеги. Амин.

**ХIажияв,** Хонохъ росдал мажгиталъул имам

# График

**приёма граждан должностными лицами Управления Федеральной службы судебных приставов по Республике Дагестан на 2017 год**

| № п\п | Должностное лицо, осуществляющее прием граждан | Ф.И.О. | Время и день приема | Телефон для предварительной записи на прием |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1. | Руководитель УФССП России по Республике Дагестан - главный судебный пристав Республики Дагестан | Галимов Низами Ниязович | четверг с 14. 00 до 18.00 | (8722) 67-61-93 (8722)67-25-65 (8722)78-12-81 |
| 2. | Заместитель руководителя УФССП России по Республике Дагестан – заместитель главного судебного пристава Республики Дагестан | Омаров Ахмед Магомедович | понедельник с 14. 00 до 18. 00 | (8722)67-45-78 (8722) 78-12-81 |
| 3. | Заместитель руководителя УФССП России по Республике -заместитель главного судебного пристава Республики Дагестан | Абдусаламов Магомедрасул Магомед-камильевич | понедельник с 14. 00 до 18.00 | (8722)67-61-59 (8722) 78-12-81 |
| 4. | И.о заместителя руководителя УФССП России по Республике Дагестан - заместителя главного судебного пристава Республики Дагестан | Мамедов Париман Мамедович | понедельник с 14. 00 до 18.00 | (8722)67-61-60 (8722)78-12-81 |
| 5. | И.о. заместителя руководителя УФССП России по Республике Дагестан - заместителя главного судебного пристава Республики Дагестан | Шабуневич Людмила Викторовна | понедельник с 14.00 до 18.00 | (8722) 78-12-81 (8722) 69-51-50 |
| 6. | Заместитель руководителя УФССП России по Республике Дагестан - заместитель главного судебного пристава Республики Дагестан | Мусаев Магомедзапир Ильясович | понедельник с 14. 00 до 18. 00 | (8722) 67-87-27 (8722) 78-12-81 |

«Редакция газеты «Цlумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор
МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь
ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул
2-52-44
Жавабияй секретаралъул
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2030
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин.
ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниябг адрес:
Golostsumady@mail.ru

# Районалъул турнир

## «БатIи-батIиял, амма ращадал»



ЛъикIаб хIайги бихьизабун, руччабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ХIалимат АхIмадовалъ, кIиабилеб ва лъабабилеб бак1азда гIей гьабуна Мадинат Измаиловалъ ва Марзигат МухIамадовалъ.



Теннис хIазе бугеб жигарчилъи ва лъикIаб махщел бихьизабуна кIиабилеб группаялъул инвалид Шамил ГIабдулхаликъовас.

## Глава муниципального района «Цумадинский район»

### ПОСТАНОВЛЕНИЕ №37

**29 марта 2017 г.**

**О подготовке и проведении праздника Победы- 9 мая в селе Агвали**

В целях подготовки мероприятий, посвященных празднованию 9 мая -Дня победы Советского народа в Великой Отечественной войне- **постановляю:**

Утвердить оргкомитет по подготовке и проведению праздничных мероприятий 9 мая 2017 г. в сел. Агвали.

Оргкомитету разработать мероприятия по подготовке и проведению празднования Дня Победы -9 мая и представить на утверждение.

Рекомендовать главам администраций сельских поселений района провести в сельских поселениях торжественные мероприятия, связанные с празднованием Дня Победы -9 мая.

**Глава района А. Вечедов**

## Глава муниципального района «Цумадинский район»

### ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 40

**от 29 марта 201 7 г.**

**Об ответственном лице по обеспечению жилой площадью детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей**

В целях реализации Закона РД от 4.12.2008г. №57 «О наделении органов местного самоуправления муниципальных районов и городских округов РД государственными полномочиями РД по обеспечению жилой площадью детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей» - **постановляю:**

1.Определить ответственным должностным лицом администрации МР «Цумадинский район» за организацию работы по подбору и обеспечению жилой площадью детей- сирот и детей, оставшихся без попечения родителей Магомедова Халилулу Гусейновича - ведущего специалиста по опеке и попечительству администрации МР «Цумадинский район».

2. Магомедову Х. Г. принять необходимые меры по обеспечению жильем детей- сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, а также лиц из их числа.

**Глава района А. Вечедов**

## Объявление

В целях улучшения экологической обстановки в МР «Цумадинский район» намечается проведение акции «Всероссийский день посадки леса» в первую декаду апреля 2017 года. Сегодня маленькие ростки, а уже через десятилетия- густые леса. Благодаря акции «Всероссийский день посадки леса» мы можем озеленить наш район.

Желающих принять участие в акции ГКУ «Цумадинское лесничество» обеспечит сеянцами, саженцами и семенами лесных насаждений.

## Спорт

### МухIамад Тажудинов Нальчикалда призерлъун вахъана



Дагъаб цебе Нальчикалда тIобитIана 2000-2002 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъан Северияб Кавказалъул федералияб округалъул первенство. Гьенив 42 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана Агъвалиса Тажудинов МухIамадие. Гьебго первенствоялда 125 кг. цIайиялда Гъайирбегов СаидмухIамад ккана бищун лъикIазул щугоязда гъорлъе.

Гьел к1иялго гIахьаллъизе руго 8-12 маялъ Иркутск шагьаралда тIобитIизесеб Россиялъул первенствоялда.

Баркула нилъер гугарухъабазда бергьенлъаби. Гьарула гьезие хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби, сахлъи, талихI ва икъбал.

**Шамил Сажидов**

## Баркула юбилей



5 апрелалда 60 сон тIубана социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул бетIерав бухгалтер ШагIбан МухIамадовас.

Гьесда юбилей баркулеб буго цадахъ хIалтIулез ва «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз, гьудул-гьалмагъзабаз ва гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел ва талихIгун икъбал.

Къеги ШагIбание гIемерал соназул сахаб гIумру!

## Лъазаби

Агъвалиса МахIачхъалаялде ва МахIачхъалаялдаса Агъвали хьвадулел маршруткабазул бетIергьабаз лъазабулеб буго кIиябго рахъалде маршруткаялъул багьа жакъа къоялдасан нахъе кидаго студентазе 300 гъурущ букIине бугилан.



Гьебго багьа букIине буго хирияб рамазан моцIалъ киналго пассажиразеги.